

Kesyon moun mande anpil ki gen rapò ak FAFSA



Ki sa ki FAFSA a?

FAFSA se yon aplikasyon ke elèv segondè ka rampli si yo deside ale nan inivèsite oubyen lekòl profesyonèl pou yo ka resevwa èd finansyè federal. Tout elèv ki nan dènye ane lekòl segondè dwe konplete e soumèt aplikasyon sa pou yo ka kalifye pou resevwa èd finansyè.

Kimoun ki dwe aplike?

Nenpòt elèv kin an dènye ane lekòl segondè ki planifie ale nan inivèsite oswa lekòl profesyonèl ta dwe aplike. Lè w konplete FAFSA a, elèv la ap otomatikman gen posibilite pou resevwa èd finansyè.

Who is eligible for financial aid?

Pou kalifye pou èd elèv, elèv yo dwe satisfè kondisyon kalifikasyon debaz sa yo:

- Fòk elèv la se yon sitwayen ameriken oswa sitwayen ki kalifye
- Fòk elèv la gen yon nimewo Sekirite Sosyal
- Si elèv la se yon gason (ki gen lag 18 jiska 25 an) ou dwe anrejistre ak Sèvis Selektif
- Fòk elèv la gen plan pou li enskri nan yon inivèsite oswa nan yon lekòl profesyonèl ki kalifye

Epitou, elèv la dwe montre ke li kalifye pou li ka resevwa yon edikasyon inivèsite oswa lekòl profesyonèl, fok li genyen de bagay sa yo:

- Yon diplòm lekòl segondè, yon (GED) sètifica Jeneral Developman Edikasyon oswa yon ekivalan leta ameriken-rekonèt.
- Resevwa yon edikasyon lakay li ki gen menm ekivalan ak tout lòt lekòl segondè e ke leta aprouve

Èske yon elèv ki pa sitwayen ameriken ka kalifye pou èd finansye?

Anjeneral, si elèv la tonbe nan youn nan karakteristik ki nan lis li ka kalifye pou èd finansye:

- US rezidan pèmanan, ak yon Kat Rezidans Pèmanan (Lontan yon te kon rele sa Enskripsyon Etranje, Kat Enskripsiyan Resi oswa "Green Card")
- Kondisyonèl rezidan pèmanan (I-551C)
- Lòt sitwayen ameriken ki kalifye ak yon Dosye Arive-Depa (I-94) nan Depatman Sekirite Nasional ki montre nenpòt youn nan tit sa yo: "Refijye," "moun ki fè azil," "Libète Pwovizwa indefini," "Libète sou Kondisyon imanitè," oswa "etranj Kiben-ayisyen"
- Yon sitwayen nan Republik la Palau (PW), Republik la nan Zile yo Marshall (MH), oswa Etazini Federated an Mikwonezi (FM)

Sitwayen ki pa ameriken dwe mete nimewo kat residans li oswa nimewo Etranje Enskripsiyan yo (ARN) sou FAFSA a.

Èske kondisyon sitwayènte paran yo afekte kalifikasyon federal èd elèv la ?

Non. Kondisyon sitwayente paran yo pa afekte kalifikasyon elèv la pou èd federal elèv yo. An reyalite, FAFSA a pa menm mande kesyon sou estati paran yo.

Ki kalite èd finansye ki disponib?

- **Sibvansyon** (lajan gratis) yo bay selon bezwen finansye elèv la epi li pa bezwen remèt li.
- **Travay-Etid** pèmèt elèv yo touche lajan pandan ane lekòl la pandan y ap tou pran eksperyans travay ki gen anpil valè, tipikman nan a tan pasyèl, travay ki gen rapò ak karyè li.
- **Lajan Prete** konpoze de lajan ke elèv la prete pou ede l peye pou inivèsite. Men lajan sa fòk li remèt (plis enterè). Gen de kalite ki pi komen de prè ke Depatman Edikasyon Ameriken an ofri gen ladan yo: Dirèk prè sibvansyone ak Lajan Prete Sibvansyone.
 - **Prè dirèk sibvansyone** yo se prè ki disponib a elèv ki kalifye a koz de bezwen finansye yo. Enterè a sou prè sa yo kouvari jouska sis mwa apre elèv yo kite lekòl la.
 - **Dirèk Lajan Prete Sibvansyone** yo se prè disponib a elèv inivèsite, elèv ka fè metriz ak elèv pwofesyonèl yo; pa gen okenn kondisyon pou demontre ke ou gen bezwen èd finansye pou ka resevwa lajan sa. Enterè a a kòmanse konte imedyatman sou prè sa yo. Ranbousman prè sa yo kòmanse sis mwa apre elèv yo kite lekòl la.

Ki dat limit la pou aplike pou èd finansye?

Pou ane lekòl la 2022-2023, elèv yo ka kòmanse aplike pou FAFSA kòmansman depi Oktòb 1 2021 epi sèvi ak enfòmasyon tax 2020 yo. Paske lekòl yo itilize FAFSA a pou bay lòt kalite èd (èd leta, bous detid prive, elatriye), elèv yo ta dwe tcheke avèk inivèsite yo enterese a, paske anpil gen prop dat limit priorite pou soumèt FAFSA.

Ki dokiman ki nesesè pou aplike pou FAFSA a?

Lè w ranpli FAFSA a, li ta bon pou gen aksè a enfòmasyon sa yo ki nan lis sa pou fe procesis la mache pi vit e san problem:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Nimewo kat rezidans (si sa aplikab)
- Enfòmasyon sou tax federal
- Tout rekò tax ki pa kontrole nan dokiman tax la
- Lajan Kach, lajan ekonomi epi kantite kòb ki sou kont bank
- Lòt envestisman ki pa gen rapò ak kay kote wap viv la

Ki kantite èd finansye elèv yo ka resevwa?

Chak elèv ap kalifye pou yon pake èd finansye diferan, ki baze sou anpil faktè. Apre elèv yo soumèt FAFSA yo, chak lekòl elèv la chwazi nan aplikasyon an ap detèmine yon pake èd finansye epi voye yon lèt kap fè w konnen ki kalite èd yo ba ou ak ki kantite lajan yo ap ofri. Sa depann de plizyè faktè, ki gen ladan:

- Konbyen kòb lekòl la ap koute
- Kantite kontribisyon ke Fanmi elèv la ka bay(ki baze sou enfòmasyon ki antre nan FAFSA a)
- Nan ki ane elèv la ye
- Eske elèv la ap pra kou a plen tan, a tan pasyèl, elatriye)

**Pi bonè FAFSA a fin ranpli, se pi bonè lekòl yo ka voye èd finansye ofri elèv la.
Konsa paran an ak elèv la ka pran yon bon desizyon pou yo konnen ki inivèsite
oubyen lekòl profesyonel kap pi bon pou elèv la.**